

Kesyon ak Repons

Posibilite alokasyon pou gwoup diskisyon plizyè lang kominote a posede

Afiche sou sit entènèt Fon Vil Filadèlfi a (Philadelphia City Fund):

<https://philacityfund.org/polyglot-philadelphia/>

Fon Vil Filadèlfi a (Philadelphia City Fund), Biwo pou Afè Imigran yo (Office of Immigrant Affairs) ak Biwo Inovasyon ak Teknoloji a (Office of Innovation and Technology) te anonse resaman yon posibilite pou gwoup diskisyon k ap jwenn konpansasyon pou evalye bezwen komunikasyon manm nan kominote ki pale plizyè lang yo nan Vil Filadèlfi epi kontribye nan misyon Pwogram Aksè nan Lang Philly a pou "Asire ke tout moun ka jwenn aksè nan sèvis Vil la nan lang pa yo." Te vin gen posibilite sa a grasa sibvansyon Fon Transfòmasyon Operasyon an (Operation Transformation Fund) pou amelyore tradiksyon yo sou Phila.gov.

Genyen anba la a kesyon yo resevwa sou posibilite sa a, ansanm ak repons Biwo pou Afè Imigran yo. Yo pral kontinye fè mizajou nan dokiman sa a ofiramezi y ap resevwa kesyon yo, epi yo pral afiche tradiksyon yo lè yo pare.

1. Ki dat limit ki genyen pou posibilite sa a? Èske se 10 Avril oswa 20 Avril?

Dat limit la pou posibilite sa a se Jedi 20 Avril 2023.

Pou gen plis eklèsisman, nou fikse yon dat limit apa nan lendi 10 Avril 2023 pou nou aksepte kesyon yo dekwa pou n kapab bay repons tradui yo anvan peryòd aplikasyon an fèmen.

2. Èske kolektif oswa moun ki pa òganize an sosyete ka soumèt yon aplikasyon?

Non, machaswiv yo endike aklè ke òganizasyon yo dwe kapab bay yon W-9. Yon lòt chwa se chèche yon parenaj fiskal, oswa aplike anpasan pa yon òganizasyon patnè.

3. Nou [yon kolektif] ap travay sou lojistik pou fasilite aplikasyon nou an epi nou rankontre kèk difikilte ak lojistik. Nou pa te anmezi pou jwenn yon esponnsò fiskal ki pa nan fè pwofi pou nou pase pa li pou jwenn fon yo. Nou te panse pou nou kòmanse LLC pataje nou an, men tou, sa pral pran tan ak lojistik nou pa ka jere anvan yon dat limit. N ap eseye reflechi sou pi bon plan daksyon an lè nou konsidere sitiyasyon sa a. Nou enterese pwofite de posibilite a men difikilte sa yo limite nou.

Machaswiv yo deklare se sèlman òganizasyon ki ka aplike -- se pa yon posibilite pou moun. Ou ka aplike anpasan pa yon esponnsò fiskal oswa yon òganizasyon patnè, ki gendwa nenpòt òganizasyon ki ka bay yon W-9 (panse ak òganizasyon ki baze sou lafwa yo, ti biznis yo, LLC yo, òganis san pwofi yo, elatriye). Alavni, nou ka anvizaje lòt chwa pou konpanse kolektif ki pa òganize an sosyete yo, men nou pa kapab bay aranjman pou posibilite alokasyon sa a paske sa t ap mande pou nou chanje machaswiv nou yo.

4. Èske òganizasyon yo ka gen plizyè gwoup diskisyon nan yon menm lang? Pa egzanp, 2 gwoup diferan nan Fransè oswa Arab?

Òganizasyon yo ka fè plis pase yon sèl lang si yo gen kapasite pou fè l. Montan alokasyon an pral \$5,000 pou chak òganizasyon. Nan machaswiv yo:

[Kandida a] dwe kapab rekrute epi kominike avèk moun ki pale **omwen** youn nan gwoup lang ki annapre la yo:

- a. Arab
- b. Chinwa (sa gen ladann Mandaren, Kantonè, oswa dyalèk minorite yo)
- c. Fransè
- d. Kreyòl Ayisyen
- e. Pòtigè
- f. Ris
- g. Espayòl
- h. Swahili
- i. Vyetnamyen
- j. Yon lang diferan (anwetan Anglè)

5. Èske gen yon fèy rapò bidjè òganizasyon yo pral gen pou yo bay nan kad rapò a?

Biwo pou Afè Imigran yo pa egzije pou soumèt yon fèy bidjè pou fè rapò. Dapre machaswiv yo, dokiman pwojè ki dwe soumèt nan Biwo pou Afè Imigran yo nan fen pwojè a, gen ladan:

- a. Fèy prezans ki gen espas ki annapre la yo
 - i. Non oswa alyas patisipan an
 - ii. Lang(yo)
 - iii. Peyi nesans
 - iv. Zipkòd
 - v. Adrès imèl (li pa obligatwa)
- b. Si y ap anrejistre oswa y ap pran foto, kolekte nan men patisipan yo fòm konsantman ki siyen
- c. Deskripsyon gwoup diskisyon yo ak obsèvasyon esansyèl yo
- d. Glosè ki gen tèm kle yo nan lang ki sible a epi nan Anglè, avèk yon definisyon kout
- e. Pwojè atistik ki prezante rezilta òganizasyon an ba piblik jeneral la. Òganizasyon ki te rasanble kòmantè yo lib pou sèvi ak imajinasyon yo, epi yo ankouraje imajinasyon nan rezilta espere pwojè yo.

6. Èske yon pati nan 5 mil dola a ka itilize pou peye patisipan yo?

\$5 mil dola a se yon posiblite alokasyon chak òganizasyon ka itilize jan li pi pito, pandan yo respekte rezilta espere pwojè yo epi asire yon kantite dis patisipan omwen. Nan machaswiv yo:

- a. Yo pral akòde alokasyon ba 10 òganizasyon, \$5,000 pou yo chak. Chak òganizasyon pral gen pou l òganize omwen yon (1) gwoup diskisyon ki gen omwen dis (10) patisipan ki pale ak fè lekti nan yon lang ki pa Anglè. Gwoup diskisyon yo pral idantifye kontni moun monte sou yo pi souvan sou sitwèb phila.gov la epi pataje nenpòt rezilta sou enfòmasyon ki sanble pa klè oswa ki mal tradui.

7. Nan Q#9 nan fòm aplikasyon an, èske w ka presize si yon òganizasyon ki gen yon esponsò fiskal kalifye pou li aplike pou fon sa a? Si se wi, tanpri èske ou ta ka endike tout dokiman obligatwa nou dwe bay?

Wi, òganizasyon yo ka aplike anpasan pa yon esponsò fiskal. Fon Vil Filadèlfi a pa bezwen okenn lòt dokiman anplis, men aplikasyon an dwe fè konnen akèl kiyès esponsò fiskal la ye epi endike ke òganizasyon an oswa kolektif la ap aplike anpasan pa esponsò fiskal la. Esponsò fiskal la bay dokiman ki nesèsè yo ki dekri nan machaswiv pou kalifikasyon yo:

- a. Dwe kapab bay yon W-9, yon fakti, ak yon Fòm ACH pou òganizasyon an pou yo ka resevwa peman.
- b. Òganizasyon an [oswa esponsò fiskal la] dwe opere nan Filadèlfi kòm yon òganizasyon ki an sosyete. Pa egzanp: San-pwofi yo, LLC yo, ak biznis yo kalifye.

8. Nan Q#13/Q#15 nan fòm aplikasyon an, èske animatè estaf yo ak patisipan yo dwe rezidan Filadèlfi pou yo kapab kalifye pou patisipe nan pwogram sa a?

Machaswiv yo presize òganizasyon an dwe kapab òganize omwen yon (1) gwoup diskisyon an pèsòn nan Filadèlfi, epi gwoup diskisyon yo pral idantifye kontni moun monte sou yo pi souvan sou sitwèb phila.gov la epi pou l pataje nenpòt rezilta sou enfòmasyon ki sanble pa klè oswa ki mal tradui. Pakonsekan, òganizasyon an dwe asire ke egzijans minimòm yo kouvri, epi nenpòt bagay ki ale pi lwen pase sa depann de kapasite òganizasyon an.

Nou pa te etabli egzijans rezidans pou animatè a epi nou ankouraje patisipasyon nenpòt moun ki enterese nan bay kòmantè, men kenbe nan tèt ou ke pwopozisyon ou an dwe eksplike poukisa epi kòmman kominote ki vize a enterese bay kòmantè sou Phila.gov ansanm ak enpak la sou Pwogram Aksè nan Lang Philly an (gade Q#15 ak Q#18).

9. Nan Q#16 nan fòm aplikasyon an, èske gen nenpòt kalifikasyon yo prevwa pou animatè bileng yo? E konsènan nenpòt machaswiv pou asire divèsite nan pami patisipan yo nan yon gwoup yon sèl lang? Klas, sèks, nasyonalite, sityasyon sosyo-ekonomik (pa egzanp, edikasyon)

Òganizasyon ki enterese pou soumèt aplikasyon an ka etabli kalifikasyon yo pou animatè yo. Biwo pou Afè Imigran yo p ap bay egzijans minimòm paske se yon posiblite kominote a posede epi nou vle elimine baryè yo epi aprann kijan òganizasyon yo nan kominote divès nou yo ta abòde travay sa a.

Konsènan done demografik patisipan yo, pa gen okenn atant minimòm nan biwo nou an, men si sa reprezante yon eleman kle pou pwopozisyon ou an, tanpri asire ke ou presize kijan ou pral abòde li epi poukisa li enpòtan. Sa ka enfòmè repons ou yo pou Q#15, 19, ak 21.

10. Nan Q#17 nan fòm aplikasyon an, ou mansyone òganizasyon ki resevwa sibvansyon an dwe òganize omwen yon (1) gwoup diskisyon. Èske ou prevwa pou òganizasyon yo òganize plis? Epi si nou fè li, èske yo ta dwe nan lang diferan, oswa èske li kapab yon lòt gwoup nan menm lang lan?

Nou konprann kèk òganizasyon sèvi plis pase yon sèl gwoup lang, oswa kèk patisipan ka pale plis pase de lang. Egzijans yo presize omwen yon gwoup diskisyon an pèsòn, epitou selon kapasite òganizasyon an, nou ta apresye plis pase youn, men nou pa egzije

sa. Tanpri fòk ou sonje se yon posiblite konkirans epi si òganizasyon w lan gen kapasite pou rasanble kòmantè nan plis pase yon sèl lang, sa ta fè ka w lan atiran.

11. Nan Q#22 nan fòm aplikasyon an, èske òganizasyon nou an ap resevwa kòmantè apre gwoup diskisyon an fini pou kapab pataje rezilta yo avèk patisipan yo?

Òganizasyon ki seleksyone yo pral gen responsablite pou yo òganize ak prezante rezilta yo. Q#22 an poze òganizasyon an kesyon sou rezilta gwoup diskisyon yo pou Biwo pou Afè Imigran yo ka entegre kòmantè nan estrateji angajman ak resous lang yo.

Aplikasyon yo dwe presize kijan òganizasyon an planifye pou òganize gwoup diskisyon yo epi kolekte rezilta yo. On fwa ou te òganize gwoup diskisyon an (gwoup diskisyon yo) epi ou tounen dokiman yo nan Biwo pou Afè Imigran yo, nou pral egzamine dokiman pwojè ou soumèt yo epi kontakte w si nou bezwen plis eklèsisman.

12. Pwojè sa a konsantre sou lang. Ki konsiderasyon y ap fè konsènan relasyon ant lang lan epi enpak kilti ak idantite kiltirèl? Espayòl, pa egzanp, se yon sèl lang men ki gen anpil dimansyon kiltirèl ki kwaze klas ak jennda nan tout peyi a (pa egzanp, twa fòm pou adrese moun “tu,” “vos,” “usted”.)

Refleksyon apwopo lang yo se presizeman kontni sa nou ta atann ki pou diskite nan gwoup diskisyon yo. Biwo pou Afè Imigran yo genyen kounye a yon ekspè ki te rankontre avèk manm yo nan kominote a nan plis pase 9 lang, men kounye a, n ap ankouraje òganizasyon yo pou yo dirije pwosesis la epi òganize konvèsasyon yo apwopo lang ke gouvènman vil la pa te petèt antreprann men kominote a antreprann. Nan aplikasyon an, nou te ensiste sou enpòtans animatè a, epi, nan Q#16, nou fè sa avèk entansyon lè nou mande kijan animatè a pi byen ekipe pou dirije gwoup diskisyon an (gwoup diskisyon yo) epi kolekte kòmantè alekri ak aloral.